



Pou Piblikasyon Imedya: 20/12/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AGRANDISMAN PWOJÈ DEFANS LIBÈTE A POU YO OFRI SÈVIS JURIDIK AMELYORE POU IMIGRASYON

Pwogram Repons Rapid la pral Konstwi yon Rezo Avoka Toupatou Atravè Eta a pou yo Ofri Imigran ke ICE ap Atake ak Arete yo Sèvis Jiridik Ijans Rapid

Pwojè Pòt An Ò a ap Ofri Swen Sante Global, Sèvis Sosyal, Sèvis Jiridik ak Lòt Bezwen Fanmi Imigran yo ak Timoun yo Bezwen an Patenarya ak SOMOS Community Care, Children's Village ak Lòt Òganizasyon Kominotè yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon agrandisman y ap fè nan Pwojè Defans Libète a (Liberty Defense Project, LDP), ki se tou premye pwojè konsa ki gen nan peyi a, ki pral ofri pi bon sèvis pou imigran ke politik anti-imigran Biwo Aplikasyon Lwa Imigrasyon ak Ladwàn Etazini an (Immigration and Customs Enforcement, ICE) ak gouvènman federal la sible yo. Amelyorasyon sa yo ap ajoute sou rezo sèvis patnè LDP aktyèl yo ap ofri aktyèlman yo epi y ap kreye garanti legal ki pi inifòm pou imigran toupatou atravè eta a yo, patikilyèman nan kominote defavorize yo. Sèvis LDP y ap amelyore yo gen ladan Pwojè Pòt an Ò a (Project Golden Door), ki pral ofri timoun ak fanmi imigran nan New York la yo sèvis enpòtan yo bezwen yo, ak pwogram Repons Rapid Onivo Rejyonal la (Regional Rapid Response) pou yo ka reponn rapidman ak sèvis jiridik efikas yo gen sou tèren an yo, ki gen ladan sèvis yo ofri an repons a desant sible ak arestasyon abitè ICE ap fè yo.

“Pandan gouvènman federal la ap deklare lagè sou fanmi imigran k ap chache reyalize Rèv Ameriken an yo, New York ap defann angajman nou pran pou nou pwoteje moun ki soti tout kote epi adopte divèsite nou an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Sèvis yo agrandi sa yo pral ede imigran ke ICE ap sible nan fason enjis yo jwenn asistans legal yo bezwen epi ofri sèvis swen sante pou timoun ak fanmi imigran ke gouvènman federal la neglije yo.”

“Pandan gouvènman federal la ap menase dwa imigran yo, New York ap pran angajman pou l asire gen pwoteksyon ak sèvis pou timoun ak fanmi imigran ki nan eta nou an yo”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Agrandisman Pwojè Defans Libète a pral bay imigran yo aksè a sèvis jiridik yo epi asire yo gen reprezantasyon apwopriye. New York fyè de divèsite ak kilti rich nou an ki fè nou pote non Empire State la.”

Pwojè Pòt An Ò a (Project Golden Door)

Pwojè Pòt An Ò a, ke yo te nonme an lonè fraz ki ekri anba Estati Libète a, pral ofri sèvis sipò famiyal global nan 12 sit nan New York, k ap melanje travay enpòtan ajans sèvis sosyal yo ap fè yo, ekspètiz ak konpetans kiltirèl doktè kominotè laten yo ak

ekspètiz avoka ak ekspè nan zafè imigrasyon ki ofri sèvis gratis nan plizyè kabinè nan New York.

New York gen 53,000 imigran san papyè ki gen mwens ke 16 zan, anpil ladan yo te travèse Fwontyè Osid la soti an Amerik Santral depi 2014. Anpil nan timoun sa yo te deja tabli yo isit la, yo gentan gen rezo fanmi yo ak esponsò yo nan Eta a, patikilyèman nan Vil New York, Westchester ak Long Island. Jèn imigran yo ak fanmi yo te konfwonte eksklizyon nan lekòl yo ak nan lòt sèvis piblik yo, ak izolasyon sosyal ak ekonomik akòz de pwoblèm lang lan yo pa pale a ak pwoblèm anafabetis. Politik separasyon fanmi Administrasyon Trump lan te lakoz yo lage menm plis timoun bay fanmi yo ak esponsò yo nan New York. Fanmi ak esponsò yo bezwen anpil sipò pou yo reponn a twoma aksyon administrasyon federal la te kreye a yo lè yo dechire zantray fanmi yo.

Pwojè Pòt An Ò a gen ladan tou patenarya yo fè ak SOMOS Community Care, ki se yon rezon òganizasyon san bi likratif ki gen plis pase 2,500 doktè kominotè toupatou atravè New York, pou yo ofri sèvis swen sante nesesè pou jèn ki te imigre vin nan Eta a yo epi ki bezwen sèvis medikal yo. Apwòch entegre SOMOS la asire ke timoun san papyè yo, sila ki te vini pou kont yo, ak/oswa yo separe de paran yo ak fanmi yo chak resevwa swen sante yo bezwen.

Espesifikman, pwofesyonèl swen sante rezo SOMOS la yo gen yon evantay konplè ki plen pwofesyonèl swen sante ak resous yo bezwen pou reponn a bezwen timoun yo ak moun k ap pran swen yo, ki gen ladan, Doktè Premye Swen yo, Travayè Sosyal yo, Enfimyè yo, lopital yo, laboratwa yo, famasi yo ak enstalasyon pou yo fè radyografi, pami lòt sèvis ankò. SOMOS pral ofri entèkansyon swen sante, ki pral gen ladan egzamen depistaj pou detèmine bezwen sante fizik ak konpòtmantal yo genyen yo. Y ap prete atansyon espesyal a eleman sante konpòtmantal la, espesyalman sentòm/konsekans ki gen rapò ak twoma yo. Yo pral refere timoun yo bay espesyalis apwopriye yo jan sa nesesè, epi yo pral asiyen yon Travayè Sante Kominotè (Community Health Worker) pou akonpaye pasyan an si sa nesesè.

An jeneral, Pwojè Pòt An Ò a pral ede timoun ak fanmi ki afekte yo pou yo rive atenn potansyèl konplè yo nan New York atravè yon modèl prestasyon sèvis novatè ki gen ladan:

- Sesyon konsèy sikolojik endividyèl ak travayè sosyal yo.
- Gwoup sipò bileng atravè Eta a ke travayè sosyal yo ap dijire pou fanmi k ap pran swen timoun imigran ki vini pou kont yo ak/oswa ki pa gen papyè yo, k ap konsantre sou konpetans konkrè yo epi k ap oryante fanmi yo anvwè resous ki gen onivo lokal ak eta a yo pou amelyore lavi kotidyen yo.
- Asistans sou dwa yo genyen pou yo resevwa edikasyon epi navige sistèm lekòl leta a, kote timoun ki san papyè yo gen dwa pou yo enskri nan lekòl atan plen si yo satisfè egzijans laj ak rezidans lan yo, anplis de koneksyon a pwogram edikatif ak pwogram alimantè yo.
- Aksè a sèvis lang yo, enfòmasyon sou lwa lokal yo ak patenarya y ap fè ak Gwoup Travay sou Trafik Imen an (Human Trafficking Taskforce), ak Lapolis Eta New York la pou yo ofri yo edikasyon sou trafik imen.
- Bay timoun yo ak fanmi yo sèvis avoka ki espesyalize nan zafè imigrasyon yo gratis atravè LDP a.

- Reponn a bezwen timoun yo genyen lakay yo, tankou entèvansyon medikal ak entèvansyon sante mantal ak asistans pou tradiksyon.
- Swen k ap konsidere twomatis yo te sibi a ak konesans jeneral sou fason pou yo jwenn aksè a sistèm swen sante a.

Repons Rapid LDP a

Pou yo ka pi byen reponn a aksyon enprevi nan kad mezi aplikasyon lwa ICE la yo, desant ak baleyaj sible y ap fè toupatou atravè eta a yo, Pwogram Repons Rapid LDP a pral:

Tabli avoka LDP devwe nan toule dis Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) rejyon eta a yo pou yo ofri asistans legal imedya an repons dirèk fas a ogmantasyon desant/arestasyon ICE ap fè toupatou atravè eta a yo. Yo te espesifye rejyon espesifik yo kòm zòn ki gen anpil bezwen/anpil enpak ki pral gen omwen de avoka yo dedye a yo:

- Finger Lakes ak Rejyon Lwès New York la pou reponn a grand kantite arestasyon ak detansyon imigran nan rejyon an yo.
- New York Santral ak Mohawk Valley a akòz de ogmantasyon nan kantite desant yo te fè sou fèm lokal yo.
- Hudson Valley a ak Long Island akòz de ogmantasyon aplikasyon lwa yo ak arestasyon ICE te fè yo.
- Rejyon Kapital la pou yo ranfòse kantite avoka ki espesyalize nan zafè imigrasyon ki gen nan rejyon an yo epi reponn a ogmantasyon kantite moun k ap chache azil yo te arete epi demenaje voye isit la yo.

Ofri sipò ak reprezantasyon legal pou timoun yo separe/ki te vin pou kont yo ak fanmi yo.

Mennen atelye/fòmasyon Konnen Dwa w yo (Know Your Rights) ki ankou nan kominote ki difisil pou yo atenn yo tankou fèm yo, zòn riral yo, epi nan yon bann varyete lang k ap reponn a:

- Kisa pou w fè lè w kontre ak ajan ICE yo
- Kijan pou w kreye yon plan preparasyon familyal
- Kijan pou w kreye yon plan finansye
- Kijan pou w kontakte konsil ou
- Kisa pou w fè si yo arete w oswa yo arete yon manm fanmi w

Ofri fanmi ak sila ki nan pwosesis depòtasyon yo oswa ke yo te depòte yo sèvis ki pa jiridik yo bezwen.

Agrandisman LDP a ap konplèman evolisyon [Biwo pou Nouvo Ameriken an](#) (Office for New Americans, ONA) ke yo te anonse resaman ki pral ofri imigran toupatou atravè Eta a yo sèvis adisyonèl.

Jiskaprezan, LDP te bay imigran yo ak kominote ki nan bezwen yo plis pase 25,000 sèvis jiridik vital - patikilyèman sila ke taktik aplikasyon lwa imigrasyon gouvènman federal la sible yo, ki gen ladan sila yo ki sou Aksyon Repòte pou Timoun Ki te Vini Lè

yo te Tou Piti yo (Deferred Action for Early Childhood Arrivals, DACA) oswa moun ki gen Eitati Pwoteksyon Tanporè yo (Temporary Protected Status, TPS). Biwo pou Nouvo Ameriken Eta a ap jere Pwojè Defans Libète a epi yo ap dirije l an patenarya ak kabinè jiridik, asosiyasyon legal, òganizasyon defans yo, inivèsite yo, gran inivèsite yo ak asosiyasyon bawo atravè eta a yo. LDP a ofri:

- Konsiltasyon legal ak depistaj pou imigran toupatou atravè New York yo.
- Repezantasyon dirèk pou imigran ki nan pwosesis depòtasyon yo ansanm ak lòt ka ankò.
- Asistans pou lòt sèvis jiridik pou imigrasyon, patikilyèman nan ka konplèks yo.
- Fòmasyon Konnen Dwa w yo pou imigran yo ak kominote a an jeneral.

Yo te lage yon ka nan imigran nan prizon ki baze nan New York la yo ke yo te bay repezantasyon defans pou ka depòtasyon yo sou direksyon LDP a epi yo te rejwenn fanmi yo nan kominote yo, kote yo nan yon pi bon pozisyon pou yo kontinye resevwa asistans legal pou yo prepare ka yo avèk espwa y ap jwenn soulajman alontèm.

N ap ankouraje nenpòt imigran ki bezwen asistans legal gratis pou yo rele nan Liy Asistans pou Nouvo Ameriken an nan 1-800-566-7636. Y ap kenbe tout enfòmasyon moun bay pandan apèl yo konfidansyèl. W ap jwenn èd disponib nan plis pase 200 lang.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Eta nou an ak nasyon nou an pwospere gras a eritaj imigran nou an. Atak gouvènman federal la ap fè sou imigran yo te kite anpil milye fanmi separe epi yo pa gen ase resous oswa yo pa gen resous ditou. Avèk Pwojè Pòt An Ò a ak Pwojè Defans Libète a, Eta New York la pral kontinye ofri sila k ap chache atenn Rèv Ameriken yo sèvis esansyèl ak asistans legal.”

Doktè Ramon Tallaj, ki se Prezidan Konsèy Administratif SOMOS Community Care la, te deklare, “Gouvènè Cuomo rete yon lidè nasyonal nan zafè regwoupman familyal ak yon pwotektè pou kominote imigran an, nan New York ak atravè peyi a. Antanke Nouyòkè, se reponsablite nou pou nou ofri timoun ki fenk demenaje vin nan kominote nou yo meyè swen posib apre yo te sibi anpil twoma ekstraòdinè. SOMOS Community Care ofri chak timoun ki bezwen yo premye swen ak swen espesyalize ki kiltirèlman adapte, kèlkeswa estati imigrasyon yo. Gen kriz yo wè ak kriz yo pa wè nan kominote nou an. Nou prè pou nou fè patenarya ak Gouvènè Cuomo sou toude.”

Doktè Jeremy Kohomban, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral The Children's Village la, te deklare, “Pwojè Pòt An Ò Gouvènè Cuomo a ap ajoute sou yon pwogram pilòt ant The Children's Village, CARECEN ak Neighbors Link pou ede timoun imigran ki fenk vini yo ak fanmi yo. Pwogram sa a ap fè vrè diferans nan lavi imigran yo. Nou atann pou nou kontinye travay ak patnè nou yo ki nan sektè san bi likratif la ak nan gouvènman eta a pou nou ede imigran ki nan bezwen yo.”

Ni LDP, ni Pwojè Pòt An Ò a toude se inisyativ ki sou direksyon Biwo pou Nouvo Ameriken Gouvènè Cuomo a. ONA a, ke yo te fonde senkan pase a, se premye biwo sèvis imigran lalwa kreye ki genyen nan nasyon an. ONA gen Sant Opòtinite toupatou atravè Eta a ki chita anndan òganizasyon kominotè yo k ap bay kominote nouvo Ameriken New York la yo yon bann seri sèvis ak sipò. Sit sa yo se pwen fokal pou

kominote yo pou ka akeyi imigran yo lè yo ofri yo zouti nesèsè yo bezwen yo pou yo pwospere ak kontribiye nan eta nou an.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)